

## Kisa oto-detèminasyon ye ?

- Konpetans, konesans, ak kwayans ki pèmèt yon moun :
  - Kwè nan tèt li
  - Konn pwòp pwèn fò ak feblès li
  - Jere pwòp santiman l yo ak konpòtman l
  - Travay ak lòt moun
  - Fè chwa ak rezoud pwoblèm
  - Fikse objektif yo epi travay sou yo
  - Yon lidè nan pwòp vi l

## Poukisa oto-detèminasyon enpòtan ?

- Tout moun kominike, epi yo dwe tande ak respekte vwa sa a
- Kèlkeswa kapasite oswa andikap yon moun genyen, li gen bezwen ak dwa pou l pran desizyon pou tèt li
- Tout moun gen pwèn fò, epi yo ta dwe ba yo chak chans pou yo eseye rive gen pwòp objektif yo
- Elèv ki gen oto-detèminasyon yo gen plis chans pou yo motive, pèsistan, ak optimis konsènan pwòp vi yo

## Resous yo

The LINK Center (Sant koneksyon an), yon pwojè tranzisyon Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal yo [www.fcsn.org/linkcenter](http://www.fcsn.org/linkcenter)

Sit entènèt tranzisyon edikasyon segondè espesyal MA ESE a [www.doe.mass.edu/sped/secondary-transition](http://www.doe.mass.edu/sped/secondary-transition)

Konsèy sou asistans teknik SPED 2016-2 : Ankouraje oto-detèminasyon kay elèv yo pou Amelyore siksè elèv yo <http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/2016-2ta.pdf>

411 la sou ransèyman sou moun ki gen andikap : Yon kaye egzèsis pou jèn ki gen andikap, [www.ncwd-youth.info/411-on-disability-disclosure](http://www.ncwd-youth.info/411-on-disability-disclosure)

Pwojè « Mwen detèmine » nan Depatman edikasyon Virginia a, <http://www.imdetermined.org>



### Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education

75 Pleasant Street  
Malden, MA 02148  
781-338-3000 | [www.doe.mass.edu](http://www.doe.mass.edu)



FEDERATION FOR CHILDREN  
WITH SPECIAL NEEDS

### Federation for Children with Special Needs

The Schrafft Center  
529 Main Street, Suite 1M3  
Boston, MA 02129  
800-331-0688 | [www.fcsn.org](http://www.fcsn.org)

## Konsèy sou tranzisyon pou paran yo ak elèv ki gen IEP (PEE) yo

(Laj 14-22 zan)



## Oto-detèminasyon

Yon seri bwochi The LINK Center fè. The LINK Center se yon pwojè Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal ak Depatman Edikasyon Primè ak Segondè nan Massachusetts [Elementary and Secondary Education (ESE)] ap dirije

## Oto-detèminasyon pou elèv yo : Bagay ou bezwen konnen...

### KONSÈY 1 : Elèv yo ap rive jwen pi bon sikse nan inivèsite ak nan karyè yo si...

- Yo konnen poukisa, kòman, kilè, ak ki moun pou yo mete okouran de andikap yo a
- Yo konnen pwen fò ak feblès yo
- Yo konprann sipò yo bezwen yo nan moman diferan pandan tout jounen an
- Yo ka pataje opinyon yo ak defann tèt yo
- Yo ka mande sipò yo bezwen an
- Yo ka chwazi yon moun yo fè konfyans pou gide ak konseye yo

*Chak elèv gen yon nivo endepandans ak bezwen pou sipò ki diferan, men chak ka gen oto-detèminasyon.*

### KONSÈY 2 : Si elèv yo gen oto-detèminasyon...

- Y ap santi yo respekte yo, epi sa ka fè yo vin gen konpòtman ak atitud pozitif
- Yo gen plis kontwòl sou desizyon yo, olye se moun k ap pran desizyon pou yo
- Y ap defann tèt yo epi y ap gen mwens chans pou yo vin viktim
- Y ap ka fè bon bagay pou tèt yo ak pou lòt moun

*Yo ta dwe trete elèv ki gen andikap yo menm jan ak tout elèv.*

## KONSÈY 3 : Ekip IEP (PEE) a ka devlope yon plan tranzisyon solid lè elèv yo ak fanmi yo ki gen oto-detèminasyon...

- Eksplike kòman elèv la sosyalize l lakay, nan kominote a, ak nan divès kalite anviwonman sosyal
- Fè konnen sa elèv la bezwen, nan kisa l fò, sa l renmen, ak kisa l vle fè nan domèn travay, edikasyon, mòdlavi, ak patisipasyon nan kominote a
- Diskite sou fason elèv la ap devlope konpetans oto-detèminasyon lè l pa lekòl la
- Mande kòman lekòl la ap sipòte elèv la pou l aprann konpetans oto-detèminasyon yo



## Ankouraje oto-detèminasyon nan divès kalite anviwonman

**Nan lekòl**, yo ka sipòte elèv yo pou yo aprann konpetans oto-detèminasyon yo lè yo :

- Aprann kòman pou yo patisipe nan - e menm dirije - pwòp reyinyon sou IEP (PEE) yo a
- Itilize yon plan aprantisaj endividyèl pou yo defini objektif yo
- Pataje ak yon mèt ki akomodasyon k ap ede yo rive genyen sikse nan klas la
- Chwazi sa pou yo manje a midi
- Rezoud pwoblèm konsènan yon diskisyon yo genyen ak yon zanmi
- Yo pran wòl lidè yon gwoup
- Ranpli pwòp Aplikasyon Gratis yo pou Èd Federal pou Elèv [Free Application for Federal Student Aid (FAFSA)]
- Chwazi teknoloji asistans ki mache pi byen pou yo
- Itilize yon ajanda pou chak jou oswa chak semèn

**Lakay**, yo ka sipòte elèv yo pou yo aprann konpetans oto-detèminasyon yo lè yo :

- Chwazi inivèsite ki bon pou yo. Nan chwa sa a, yo dwe aprann opsyon pou sipò pou elèv ki gen andikap
- Pran medikaman yo oswa rele doktè a pou yo pran yon randevou san yo pa fè yo sonje
- Aplike pou yon travay nan sezon ete epi rete ladan l pou sezon ete a
- Jere pwòp lajan yo
- Fè pwòp lesiv yo oswa prepare yon manje
- Chwazi sa yo dwe fè pandan wikenn nan
- Chwazi pwòp rad yo
- Chwazi yon moun pou akonpanye yo nan bal gradyasyon yo
- Vwayaje nan transpò piblik oswa aprann kondui
- Fè volontè nan yon òganizasyon k ap bay sèvis lokal

Rechèch montre konpetans oto-detèminasyon yo ede elèv yo reyisi nan inivèsite ak nan karyè yo.